



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 81 MILYON DOLA TE BAY NAN FAZ XI
INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA**

*Premye lo prim ki apwouve yo gen ladan 97 pwojè ki pare pou demare pou
estimile rekiperasyon New York apre pandemi a*

Nou kapab jwenn lis konplè gayan jiskaprezan yo [isit la](#).

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 81 milyon dola ki te bay pou sipòte 97 pwojè priyorite nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la. Ane sa a, 150 milyon dola nan fon sibvansyon ki soti nan Empire State Development te disponib sou yon baz kontinyèl ak konpetitif pou sipòte bezwen imedyat aplikan yo. Anplis de sa, pwojè yo nan chak rejyon elijib pou yon pati nan 75 milyon dola Kredi Enpo nan Pwogram Travay Excelsior la pou ede atire epi devlope biznis nan rejyon yo a.

"Efè pandemi an te touche tout kwen nan eta a ak chak sektè nan ekonomi New York la, epi, pa konsekan, nou dwe asire ke rekiperasyon nou an fè menm bagay la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap avanse soti nan pandemi an, n ap itilize pwosesis sibvansyon kontinyèl la pou rekonstwi Eta New York pi byen nan sipòte pwojè ki pare pou demare yo avèk potansyèl pou akselere nouvo investisman yo ak katalize kwasans ekonomik nan chak kominote".

"Atravè yon apwòch kolaboratif, asandant ak rejyonal pou devlopman ekonomik, pwojè sa yo te chwazi pou inovasyon yo, enpak sou kominote yo ak potansyèl pou chanjman pozitif ki soti nan pandemi an", **Gouvènè Adjwen Benjamin te deklare**. "Kit se devlopman mendèv, touris, investisman ekolojik oswa fabrikasyon nasyonal, n ap vanse pou ankouraje yon ekonomi solid ak pwospè nan Eta New York".

Aplikasyon pou fon Sibvansyon ESD yo rete ouvri, epi aplikasyon yo ap revize sou yon baz kontinyèl jiskaske lajan an fini. Aplikan yo ki gen pwojè solid, pare pou demare ki aliyen avèk priyorite devlopman ekonomik eta ak rejyon an kapab aplike atravè [Aplikasyon pou Finansman Konsolide](#).

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Pandemi COVID la te gen konsekans devastatè sou eta nou an, epi sa espesyalman vrè pou biznis ak òganizasyon yo ki baz

ekonomi nou an. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, ki gen ladan moun ki konnen kominote yo pi byen, te rekòmande pwojè inovatè ki pral ede rejyon yo rekonstwi ak reparèt pi fò ak pi entèlijan pou lavni".

Chak Konsèy Rejyonal te rekòmande faz inisyèl pwojè priyorite yo akòz preparasyon pwojè yo ak aliyman avèk chak plan estratejik rejyon an. Gran Pwen yo enkli:

- **Albany College of Pharmacy and Health Sciences (Rejyon Kapital) - Sibvansyon ESD 1.75 milyon dola:** Albany College of Pharmacy and Health Sciences nan Konte Albany pral envesti apeprè 9 milyon dola pou renove espas laboratwa a pou nouvo laboratwa Asirans Kalite/Kontwòl Kalite ak Terapi Selilè ak Jenetik yo. Pwojè a pral reyalize tou konstriksyon ak renovasyon nesèsè pou enstale ak sipòte operasyon ekipman laboratwa byofamasetik ki trè espesyalize nan The Stack Family Center for Biopharmaceutical Education and Training (CBET). Inisyativ sa a pral pwofite patenarya avèk endistri, akademi ak ajans gouvènman an yo pou deplwaye teknoloji fabrikasyon famasetik dènye kri pou sipòte demann mendèv aktyèl ak alavni pandan l ap ankouraje devlopman ekonomik, sansibilizasyon kominotè ak angajman pou elèv ak pwofesyonèl pratikan yo.
- **Fotokite Expansion (Rejyon New York Santral) - Sibvansyon ESD 2.5 milyon dola, Kredi Enpo Pwogram Travay Excelsior 2.5 milyon dola:** Perspective Robotics US, LLC se pral youn nan pi gwo ak premye lokatè nan ansyen Sant Devlopman Syracuse (Syracuse Development Center) la nan Konte Onondaga ki te vid depi 1998, sa k ap pèmèt konpayi an devlope sant pwodiksyon global li. Nouvo sit la pral gen ladan enstalasyon fabrikasyon dènye kri ansanm ak nouvo laboratwa ak espas biwo pou konpayi an. Konpayi an pral envesti plis pase 21 milyon dola ak kreye ak kenbe plis pase 200 djòb.
- **Solar Home Factory (Rejyon Finger Lakes) - Sibvansyon ESD 1 milyon dola, Kredi Enpo Pwogram Travay Excelsior 1 milyon dola:** Solar Home Factory pral envesti plis pase 21 milyon dola ak konstwi yon nouvo enstalasyon 108,000 pye kare nan Geneva (Konte Ontario) pou fabrike inite lojman pou plizyè fanmi ki gen enèji solè, modilè ak nèt zewo. Inite modilè yo pral bay pou pwojè lojman yo atravè rejyon nò Eta New York la ak enstale sou sit. Konpayi an pral create 107 nouvo djòb.
- **New York Institute of Technology Microscopy Center (Rejyon Long Island) - Sibvansyon ESD 1.05 milyon dola:** Kolèj Medsin Osteyopatik nan New York Institute of Technology (NYIT), ki sitiye nan Old Westbury ap kreye yon Sant Inovasyon nan Mikwoskopi pou fè avanse rechèch ak tretman inovatè yo pou maladi newodejeneratif yo, depresyon klinik ak lòt pandan l ap fòme pwofesyonèl nan mikwoskopi dyagnostik, vizyalizasyon

ak teknoloji imajri. NYIT pral envesti plis pase 15 milyon dola nan Sant Inovasyon nan Mikwoskopi a.

- **Upriver Studios (Rejyon Mid-Hudson) - Sibvansyon ESD 500,000 dola:** Upriver Studios pral kreye yon kanpis net an kabòn ak yon seri plato sonò pi konpetitif pou pwojè pwodiksyon sinematografik ak televizyon yo nan yon enstalasyon dènye kri 101,000 pye kare nan Suagerties. Pwojè a pral pèmèt Upriver atire ak kenbe pwodiksyon gwo rezo yo tankou sa ki te resamman siyen yon kontra renouvlab yon ane nan mwa me ane sa a, sa ki lakòz plizyè santèn djòb ak plizyè milyon dola nan enpak ekonomik nan Mid-Hudson Valley.
- **HPK Industries (Rejyon Mohawk Valley) - Sibvansyon ESD 200,000 dola:** HPK Industries pral achte nouvo machin ak ekipman pou fasilite operasyon yo ak otomatize pwosesis yo pou kapab plis ke double kapasite pwodiksyon yo pou PPE nan enstalasyon yo nan Konte Herkimer. Pwojè sa a pral satisfè demann kwasant lan pandan konpayi nan Eta New York ak Etazini yo ap chèche sekirize chèn apwovizyonman pwodui PPE yo. HPK Industries pral envesti plis pase 1 milyon dola nan enstalasyon an ak kreye epi kenbe 60 djòb.
- **Akseleratè Rezistans Klimatik Governors Island (Rejyon Vil New York) - Sibvansyon ESD 2.5 milyon dola:** Blding Istorik 301 sou Governors Island lan pral transfòme pou tounen Buttermilk Labs 13.35 milyon dola, yon sant akseleratè pou biznis, antreprenè ak òganizasyon san bi likratif ki konsantre sou chanjman klimatik yo. Pwojè a pral bay yon platfòm pou sipòte ak devlope antrepriz teknoloji vèt ak ble yo, tankou van lanmè, epi se yon etap enpòtan pou etabli yon Sant pou Solisyon Klimatik alavni sou zile a. Yo prevwa pwojè a ap kreye 150 djòb ke konpayi lokatè akseleratè yo ap anboche.
- **Devlopman Sit OWD (North Country) - Sibvansyon ESD 2.5 milyon dola:** OWD Development, LLC pral envesti plis pase 13 milyon dola pou reyamenaje yon ansyen enstalasyon fabrikasyon delabre pou tounen yon sit devlopman milti-fonksyonèl. Pwojè reyamenajman istorik sètifye sa a, ki sitiye nan Tupper Lake, Konte Franklin, pral gen ladan espas travay pataje ak pou fòmasyon, espas komèsyal ak apatman nan to mache a.
- **United Health Services ap Amelyore Aksè nan Gadri (Southern Tier) - Sibvansyon ESD 991,616 dola:** United Health Services (UHS) pral renove yon enstalasyon ki egziste nan Konte Broome, pou bay yon espas ki ajou ak konfòm pou gadri, kreye espas siplemantè bon kalite ak konvenab pou anplwaye United Health Services ak manm kominote a. UHS pral envesti prèske 5 milyon dola epi kreye 18 nouvo djòb.

- **Buffalo Studios (Rejyon Lwès New York) - Sibvansyon ESD \$2 milyon dola:** Buffalo Studios pral kreye yon estidyo sinema nan kalite Hollywood nan Sid Buffalo, Konte Erie ki pral gen ladan enstalasyon pou sipòte endistri film, televizyon ak jwèt. Pwojè a pral pèmèt pwodiksyon long metraj ak seri televize nan enstalasyon an ansanm ak apre pwodiksyon, animasyon, jwèt ak devlopman teknolojik endistri a. Anplis de sa, Buffalo Studios pral etabli yon patenarya avèk Inivèsite Buffalo pou etabli yon kanpis satelit sou plas ki ofri opòtinite edikasyon ak fòmasyon pou etidyan inivèsite a nan Buffalo ak Lwès New York. Pwojè a pral gen ladan tou konstriksyon yon etablisman gadri sou plas. Pwojè 80 milyon dola sa a pral Kreye 22 nouvo djòb.

Enfòmasyon sou Aplikasyon pou Finansman Konsolide a

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwèn dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Ou kapab enfòme plis sou CFA a [la a](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou regionalcouncils.ny.gov.

###